



## Fokis: Transpò

Sante w enpòtan pou nou, ki se rezon gen nan benefis ou yo transpò pou ale nan randevou swenyaj e sèvis ki kouvri nan Oregon Health Plan (OHP). Si w pa gen jan pou ale nan yon randevou swenyaj ki kouvri, panetarya nou a **Ride to Care** gendwa kondui w ale.

### Gen twa jan pou w ale nan randevou ou yo

**Ekip sèvis kliyantèl Ride to Care pral travay avèk ou pou jwenn pi bon opsyon ki mwen chè a pou satisfè sa oumenm ou bezwen :**



#### Transpò piblik

Nou founi pas jounalye oubyen mansyèl. Nou pral pale sou randevou ou yo epi deside si se pas jounalye oubyen pas mansyèl k ap pi byen konvni pou vizit ou yo.



#### Ranbousman

Nou peye yon to pa milyaj pou tout milyaj ale vini nan vizit swenyaj. Ou ka kondui oumenm, oubyen yon lòt moun ka kondui w tou. Enprime yon fòmilè verifikasyon randevou nan **ridetocare.com** epi mande pèsònèl biwo doktè siyen l. Ranbousman ap mete an dirèk sou kat depi ki peye alavans lan.



#### Trajè ki founi nan vehikil.

Nou ka pwograme transpò prive epi pataje. Baze sou bezwen medikal ou yo, nou ka voye yon machin kat pòt, venn pou chèz woulèt, veyikil avèk kabann, oubyen yon anbilans pou bezwen ki pa ijan.



Ou gen dwa mande yon transpò pou menm jou a oubyen pou landemen. Sepandan, si demann ou fè a fèt ta, e gen anpil demann pou transpò, demann ki gen yon ijans medikal ap gen priorite.

Sonnen **Ride to Care** pou plis enfòmasyon nan nimewo **855-321-4899** oubyen **TTY 711**

**Sonnen Ride to Care nan 855-321-4899 oubyen TTY 711** pou w wè ki sèvis k ap konvni w pi byen. Chak lè ou sonnen, nou pral poze w kesyon sou oumenm epi sou transpò w ap mande a. Depi l posib, sonnen nou tanpri omwen de jou travay anvan randevou swenyaj ou a pou n pale epi pwograme transpò ou a. Ou ka pwograme yon transpò jouk 90 jou alavans.

**Si w gen kesyon ou ta renmen poze, sonnen sèvis kliyantèl CareOregon nan nimewo 800-224-4840.**

## Transpò se yon sèvis ki founi nan CareOregon, plan asirans Medicaid ou genyen an. Jwenn plis enfòmasyon sou nou isit la.

Lè moun pale de Medicaid nan Oregon, ou gendwa tande yo di anpil diferan non oubyen lèt. Se poutèt gen plizyè òganizasyon ki veve aske ou resevwa swen ou merite. Kijan tout sa ka fè sans pou ou?

### Li itil pou panse Medicaid nan Oregon tankou yon piramid.

**Oregon Health Authority (OHA)** jere pwogram Medicaid nan tout leta Oregon, ki rele Oregon Health Plan (OHP).



**Health Share of Oregon (HSO)** se sa ki rele oganizasyon pou swen kowòdone (coordinated care organization, CCO). Health Share of Oregon travay anba OHA pou sèvi manm OHP ki nan zòn twa konte a.



**CareOregon** se youn nan plizyè konpayi ki founi asirans nan twa konte a ki ede Health Share CCO founi swen. Sèvis transpò kouvri nan CareOregon.



**Doktè jeneralis k ap suiv ou a (primary care provider, PCP)** gendwa se yon doktè, yon enfimyè, yon medsen adjwen oubyen yon natiwopat. Yo kowòdone swen ou resevwa nan CareOregon e nan men lòt manm nan ekip medikal la tankou dantis, doktè pou swen mantal, famasyon, epi lòt.



### CareOregon founi sèvis tankou sa pou manm Medicaid (OHP) yo.

- ▶ Swen pou sante fizik
- ▶ Swen pou sante mantal
- ▶ Tretman pou itilizasyon sibstans
- ▶ Swen dan
- ▶ Medicare nan CareOregon Advantage
- ▶ Swen loispis epi palyatif nan Housecall Providers

### W ap ka itilize sèvis enpòtan tankou sa yo :

- ▶ Kowòdinasyon swen
- ▶ Famasi
- ▶ Swen prenatal ak tibebe
- ▶ Opsyon nan transpò
- ▶ Sèvis entèprèt
- ▶ Saldijans e swen ijan

[careoregon.org](http://careoregon.org)

### Èske w ap poze kesyon ?

Èske w vle konn plis? Sonnen ekip **sèvis kliyantèl amikal nou a nan 800-224-4840** oubyen voye yon mesaj sekirize nan [careoregon.org/portal](http://careoregon.org/portal) Ou ka resevwa sa a nan lòt lang, gwo karaktè, bray oubyen nan yon fòm ou pito. Ou ka mande pou yon entèprèt tou. Ed sa a se yon èd ki gratis. Sonnen 800-224-4840 oubyen TTY 711.

